

**PENERAPAN METODE *MIND MAPPING* BERBANTUAN
MEDIA *STORYBOARD* DALAM PEMBELAJARAN MENULIS
CERITA PENDEK PADA MURID FASE E SMA KARTIKA**

XIX-1 BANDUNG

oleh:

Alya Rahma Haryadi

225030015

RINGKESAN

Ieu panalungtikan dilaksanakeun dumasar kana handapna kamampuh murid dina nulis téks carita pondok (carpon). Salah sahiji faktor anu nyababkeun handapna kamampuh murid dina nulis carpon nyaéta digunakeunana métode jeung média pangajaran anu kurang inovatif sarta kréatif, nepi ka murid kurang miboga minat pikeun nulis carpon. Éta pasualan nyababkeun hasil nulis carpon murid can ngahontal hasil anu optimal. Ku kituna, diperlukeun métode pangajaran anu bisa mantuan murid dina ngébréhkeun jeung mekarkeun gagasan sacara sistematis. Dina ieu panalungtikan, panulis ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalayan desain Quasi Experimental. Éféktivitas métode Mind Mapping Writing dibantuan ku média Storyboard bisa ditempo tina hasil uji N-Gain. Ajén rata-rata N-Gain kelas ékspérimén anu ngagunakeun métode Mind Mapping Writing nyaéta 11,71 anu kaasup kana katégori éféktif. Salajengna, aya bédana kamampuh nulis carpon antara murid kelas kontrol jeung murid kelas ékspérimén. Éta hal bisa ditempo tina ajén rata-rata pratés kelas ékspérimén anu ngahontal 69,25 sarta ngaronjat jadi 80,95 dina pascatés. Sedengkeun ajén rata-rata pratés kelas kontrol nyaéta 68,25 sarta ngaronjat jadi 73,33 dina pascatés. Ku kituna, pangajaran nulis carpon ngagunakeun métode Mind Mapping Writing dibantuan ku média Storyboard bisa dilaksanakeun kalayan hadé.

Kecap konci: *Métode Mind Mapping Writing, Média Storyboard, Nulis, Téks Carita Pondok (Carpon).*